

## Pou Elèv Ki gen Andikap yo ak Paran yo:

### Yon Konparezon Dwa yo anba IDEA ak chapit 3323 nan Pwogram Bous Etid Pou Otis la

| <b>IDEA ak chapit 3323</b>                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                              | <b>Pwogram Bous Etid Pou Otis</b>                                                                                                                                                                                                                      |
|-----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|--------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <p>Yon lekòl awondisman piblik dwe founi yon <b>Edikasyon Piblik Gratis ki Apwopriye (Free Appropriate Public Education (FAPE))</b> pou elèv ki gen andikap yo. Yon <b>Edikasyon Piblik Gratis ki Apwopriye (Free Appropriate Public Education)</b> gen ladan edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak sa:</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Yo bay yo san frè;</li> <li>• Satisfè estanda Depatman Edikasyon ak Mendèv Eta Ohio (Ohio Department of Education &amp; Workforce);</li> <li>• gen ladan klas matènèl ki apwopriye, elemantè, oswa edikasyon lekòl segondè; ak</li> <li>• Yo bay an akò ak yon IEP ki satisfè estanda IEP Ohio yo.</li> </ul> <p>Edikasyon espesyal se enstriksyon ki fèt espesyalman pou satisfè bezwen yon timoun ki gen yon andikap.</p> <p>Egzanp sèvis ki gen rapò ak yo gen ladan transpòtasyon, sèvis patoloji langaj ak pale, sèvis odyoloji, sèvis entèpretasyon, terapi fizik ak okipasyonèl, rekreyasyon, epi sèvis konsèy yo.</p> | <p>Yon timoun ki patisipe nan pwogram bous etid pou otis la se yon elèv ke yo mete nan yon lekòl prive epi li <b>pa gen dwa ak FAPE</b>.</p>                                                                                                           |
| <p>Yo dwe bay paran yo yon FAPE san frè.</p>                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                            | <p>Yon elèv ki patisipe resevwa yon bous etid jiska \$32,445 pou peye pou yon pwogram edikasyon espesyal ak yon founisè prive ki anrejistre oswa yon founisè piblik altènatif. Si pwogram nan koute plis pase bous etid la, paran yo ap responsab.</p> |
| <p>Yo egziye yon awondisman lekòl piblik pou <b>EVALYE</b> elèv ke yo sispèk ki gen andikap, ki gen ladan elèv ki ale nan pwogram lekòl prive nan awondisman an.</p>                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                    | <p>Yo egziye yon awondisman lekòl piblik pou <b>EVALYE</b> elèv ke yo sispèk ki gen andikap, ki gen ladan elèv ki ale nan pwogram lekòl prive nan awondisman an.</p>                                                                                   |
| <p>Yon awondisman lekòl piblik prepare yon <b>IEP inisyal</b>yon fwa ke yo detèmine ke yon elèv kalifye anba IDEA.</p>                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                  | <p>Yon awondisman lekòl piblik prepare yon <b>IEP inisyal</b>yon fwa ke yo detèmine ke yon elèv kalifye anba IDEA.<br/>Yon elèv pa kalifye pou yon bous etid jiskaske IEP inisyal la finalize.</p>                                                     |
| <p><b>Prestasyon sèvis yo.</b> Yo egziye awondisman lekòl la pou bay tout sèvis ki etabli nan IEP a.</p>                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                | <p><b>Prestasyon sèvis yo.</b> Bous etid la dwe itilize sèlman pou pri pou patisipe nan yon pwogram edikasyon espesyal ki etabli nan IEP timoun nan. Sepandan, pa gen egzijans ki di ke founisè bous etid la bay tout sèvis ki etabli nan IEP a.</p>   |
| <p><b>Revizyon anyèl IEP.</b> Chak ane, oswa pi souvan si li apwopriye, Ekip IEP a revize IEP a.</p>                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                    | <p><b>Revizyon anyèl IEP.</b> Ekip IEP a revize IEP a chak ane.</p>                                                                                                                                                                                    |

|                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                             |                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                               |
|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|-------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>Reevalyasyon.</b> Lekòl awondisman an reevalye elèv la chak twa ane, sòf si paran an ak awondisman an dakò ke reevalyasyon an pa nesesè.                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                 | <b>Reevalyasyon.</b> Lekòl awondisman an reevalye elèv la chak twa ane, sòf si paran an ak awondisman an dakò ke reevalyasyon an pa nesesè.                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                   |
| <b>Evalyasyon edikatif Endepandan</b> Yon paran gen dwa pou li jwenn yon IEE ki nan depans piblik la si li pa <b>dakò ak yon evalyasyon, sòf si lekòl awondisman an inisye yon pwosedi pou defann evalyasyon pa li a.</b>                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                   | <b>Evalyasyon edikatif Endepandan</b> Yon paran gen dwa pou li jwenn yon IEE ki nan depans piblik la si li pa <b>dakò ak yon evalyasyon, sòf si lekòl awondisman an inisye yon pwosedi pou defann evalyasyon pa li a.</b>                                                                                                                                                                                                                                                     |
| <b>Medyasyon</b> ODE bay medyasyon gratis pou rezoud konfli anba IDEA.                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                      | <b>Medyasyon</b> ODE bay medyasyon pou rezoud konfli ant paran yo epi awondisman lekòl piblik la ki gen rapò ak <b>devlopman IEP yo, men li pa kouvri konfli ant paran ak founisè Bous etid yo.</b>                                                                                                                                                                                                                                                                           |
| <b>Fasilitasyon pou IEP</b> ODE bay fasilitatè pou ede ak devlopman IEP yo, si yo mande sa.                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                 | <b>Fasilitasyon pou IEP</b> ODE bay fasilitatè pou ede ak devlopman IEP yo, si yo mande sa.                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                   |
| <b>Plent.</b> ODE ap mennen ankèt sou plent alekri ki di ke yon awondisman lekòl kote yo abite a vyole youn nan egzijans IDEA oswa Kòd Administratif Ohio 3301-51-05.                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                       | <b>Plent.</b> ODE ap mennen ankèt sou plent ki fèt alekri ki di ke yon awondisman lekòl kote yo abite a vyole youn nan egzijans IDEA oswa Kòd Administratif Ohio a, men li pa pral mennen ankèt sou akizasyon ki gen rapò ak fason yon founisè mete yon IEP an aplikasyon osnon si timoun nan resevwa FAPE.<br><br>ODE ap mennen ankèt sou plent ki fèt alekri ki di ke yon founisè vyole youn nan egzijans ki etabli nan lwa oswa règleman ki gen rapò ak Bous etid Otis la. |
| <b>Demann pwosedi legal</b> Paran ak elèv yo gen dwa pou ranpli yon demann pou yon pwosedi legal pou yo inisye yon kontestasyon sou desizyon administratif ki gen rapò ak idantifikasyon, evalyasyon, oswa plasman edikatif yon timoun ki gen andikap, oswa founiti FAPE pou timoun nan.                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                                    | <b>Demann pwosedi legal</b> Paran ak elèv yo gen dwa pou ranpli yon demann pou yon pwosedi legal pou konteste desizyon ki gen rapò ak idantifikasyon oswa evalyasyon yon timoun, men yo pa ka ranpli demann pou pwosedi legal ki gen rapò ak sèvis ke yon founisè prive bay oswa si timoun nan resevwa FAPE pandan li enskri nan pwogram bous etid la.                                                                                                                        |
| <b>Detèminasyon rezolisyon</b> Yon awondisman lekòl piblik fè yon revizyon sou detèminasyon rezolisyon lè yon elèv ki gen andikap, akòz vyolasyon kòd konpòtman elèv la, kite anviwònman edikatif aktyèl li ye a pandan yon tan ki long. Ekip IEP a fè revizyon sa a pou detèmine si konpòtman ki bay enkyetid la se yon ekspresyon andikap elèv la oswa si li se rezilta echèk awondisman lekòl piblik nan aplikasyon IEP a. Si ekip la detèmine ke konpòtman an se yon ekspresyon andikap la, yo dwe fè yon Evalyasyon Fonksyonèl Konpòtman (functional behavior assessment (FBA)) epi kreye yon Plan Entèvansyon Konpòtman (behavioral intervention plan (BIP)) oswa revize ak modifye BIP ki egziste a. | <b>Detèminasyon rezolisyon</b> Elèv yo ap sibi règleman disiplin founisè prive a. Yo ka mete an sispanasyon oswa mete elèv la deyò si li vyole kòd konpòtman founisè a.                                                                                                                                                                                                                                                                                                       |

Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio (Ohio Department of Education and Workforce) pa diskrimine sou baz ras, relijyon, sèks, nasyonalite, laj, andikap, oubyen orijin etnik. Depatman Edikasyon ak Mendèv Ohio (Ohio Department of Education and Workforce) a se yon [se yon anplwaye opòtinite egal](#) ak yon founisè [sèvis ADA](#). Avi sou [Non-Diskriminasyon](#) Depatman an ap aplike pou tout pwogram yo ak aktivite yo.

Gade Règleman [Diskriminasyon Andikap Depatman an](#) ak [Pwosedi Pou Doleyan Règleman Diskriminasyon an](#).

Pou plis enfòmasyon sou avi sou non-diskriminasyon, vizite [ocrcas.ed.gov/contact-ocr](https://ocrcas.ed.gov/contact-ocr) pou adrès ak nimewo telefòn biwo ki sèvi zòn ou an, oswa rele 1-800-421-3481.